**दिन–गुरूवार** **दिनांक–23.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभा एक दिवसीय विशेष सत्र काल्हि आयोजित कयल जायत। विधानसभाक प्रभारी सचिव पुनम सिन्हा कार्य सूची जारी कयलनि अछि। एकर अनुसार विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमारक संबोधनक संग कार्यवाहीक शुरूआत होयत। एकर बाद मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सदन मे विश्वास प्रस्ताव प्रस्तुत करतथि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आओर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे काल्हि विधानसभा मे बहुत आसानी सँ सरकार विश्वास मत हासिल करत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री चौधरी कहलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नेतृत्व बला एनडीए सरकार के सदन मे भारी बहुमत हासिल अछि। ओ कहलनि जे एहि सरकार के जदयूक शीर्ष नेता आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आशीर्वाद आओर मार्गदर्शन प्राप्त अछि।

---

तमिलनाडुक सभटा दू सय चौंतीस विधानसभा सीट सभ आओर पश्चिम बंगाल मे विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल एक सय बावन सीट सभ पर आइ मतदान संपन्न भेल। चुनाव के देखैत पश्चिम बंगाल सँ सटल बिहारक सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे सघन जाँच अभियान चलाओल गेल। किशनगंज, अररिया आओर कटिहार जिला मे सुरक्षा चौकी बना कऽ आबय–जायवला लोक सभ पर नजरि राखल जा रहल अछि। संगहि वाहन सभक आवा–जाही पर सेहो नजरि राखल जा रहल अछि।

---

भारत नेपाल सीमा सँ सटल राज्यक विभिन्न जिला मे सुरक्षा व्यवस्थाक उच्च स्तरीय समीक्षा कयल जा रहल अछि। मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आओर पुलिस महानिदेशक विनय

कुमार एहि क्रम मे आइ मधुबनी जिलाक जयनगर स्थित नेपाली रेलवे स्टेशन आओर राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या दू सय सत्ताईस कमला शाखा नहर स्थित नेपाली गुमटीक निरीक्षण कयलनि। दुनू वरिष्ठ अधिकारी एसएसबीक आओर अड़तालीसम बटालियनक अधिकारी सभक संग जयनगर स्थित मुख्यालय मे समीक्षा बैसार सेहो कयलनि।

——————————————————————————————————

बाबू वीर कुँवर सिंह विजय दिवसक अवसर पर आइ पटनाक वीर कुँवर सिंह आजादी पार्क मे राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी हुनक आदमकद प्रतीमा पर माल्यार्पण कऽ हुनक योगदान सभ के याद कयलनि। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव सेहो उपस्थित छलथि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार सेहो बाबू वीर कुँवर सिंह के श्रद्धांजलि दैत हुनक योगदान सभ के याद कयलनि। भोजपुर स्थित जगदीशपुर किला मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल।

——————————————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड, सीबीएससी दसवीं परीक्षा दू हजार छब्बीसक दोसर चरण पन्द्रह मई सँ आयोजित होयत। ई परीक्षा वैकल्पिक होयत आओर ओहेन विद्यार्थी सभक लेल अछि जे पहिल चरण मे प्राप्त अपन अंक सुधारबाक इच्छुक छथि। उत्तीर्ण सभ विद्यार्थी विज्ञान, गणित, सामाजिक विज्ञान आओर भाषा सभ मे सँ कोनो तीन विषय मे अपन प्रदर्शन सुधारबाक लेल परीक्षा दऽ सकैत छथि। ई पहल राष्ट्रीय शिक्षा नीति दू हजार बीसक अनुरूप अछि।

——————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रवि दिन छब्बीस अप्रील कँ दिन मे एगारह बजे आकाशवाणीक मन की बात कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोक सभक संग अपन विचार साझा करतथि। ई मन की बात कार्यक्रमक एक सय तैंतीसम कड़ी होयत। एकर प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क, एआईआर न्यूज वेबसाइट आओर न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल एप पर कयल जायत। हिंदी प्रसारणक तुरंत बाद क्षेत्रीय भाषा सभ मे सेहो एकर प्रसारण कयल जायत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दुबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

प्रदेश मे भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप जारी अछि। पटना, गया, जहानाबाद, नालंदा, भागलपुर, जमुई आओर वैशाली सहित राज्यक एक्कैस जिला सभ मे लू के स्थिति बनल अछि। प्रचंड गर्मीक कारणे सड़क सभ पर आव–जाही कम भऽ गेल अछि। एम्हर, पटनाक अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल।

---

समाप्त भेल।